# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज महाकुंभ नगर पहुंचलें। उहां के ओइजा आयोजित अखिल भारतवर्षीय अवधूत भेस बारह पंथी योगी महासभा के कार्यक्रम के सम्बोधित कइलीं। येह दौरान उहां के सनातन धरम के बिसेसता क चरचा कइलीं अउर कहलीं कि सनात धरम एगो बिराट वट वृक्ष हौ। उहां के सनातन धरम के ताकति क चरचा करत कहलीं कि महाकुंभ में सरधालु बिना कउनों चिन्ता क लगतारे आ रहल हवें।

***कोई चिन्ता नही मुझे मालूम है। कोई चिन्ता नही उन्हें कहां रहना है ये भी चिन्ता नही कहां सोना है क्या खाना है कैसे जाना है कोई चिन्ता नही बस उठाया ,बैग उठाई अपनी गठरी और वे आ गये हैं कुंभ में ये है ताकत सनातन धर्म की ये है और ये है ताकत साधू और संतो का।***

कार्यक्रम सम्बन्धी एगो सोसल मीडिया सनेसा में मुख्यमंत्री कहलें कि उन्हें पूरा भरोसा हौ कि महाकुंभ क सनेसा के लोगि हर सनातन धर्मावलम्बी के घरे ले पहुंचवले क काम करिहें।

**********

महाकुभ के सरधालुअन क भारी भीड़ि बनारसो पहुंचि रहलि हौ। एकरे नाते ओइजा क सड़किनि अउर गलियन में भिन्नहीं से संझा ले भीड़िभाड़ क माहौल बनल हौ। मौनी अमौसा ले ई भीड़ि अउरियो बढ़ि जाई। अइसन में सरधालुअन क सुरक्षा बदे पुलिस आयुक्त मोहित अग्रवाल के सथहीं कई गो पुलिस अधिकारी आजु सड़कि पर उतरि के व्यवस्था के चाकचौबंध बनावल रखले क सनेसा दिहलें।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू गणतंत्र दिवस के पूर्व संध्या पर अबसे थोरिके देर बाद देस के सम्बोधित करिहें। ई सम्बोधन संझा सात बजे से आकशवाणी के पूरा राष्ट्रीय नेटवर्क पर अउर दूरदर्शन के सज्जो चैनलन पर हिन्दी अउर अंगरेजी में प्रसारित कइल जाई। दूरदर्शन पर हिन्दी अउर अंगरेजी में सम्बोधन के बाद दूरदर्शन के क्षेत्रीय चैनलनों पर एकर प्रसारण कइल जाई। आकाशवाणी अपने क्षेत्रीय नेटवर्क पर राति साढ़े नौ बजे से एकर प्रसारण करी।

**********

देस भर सें करीब दस हजार बिसेस अतिथि बिहने नई दिल्ली के कर्तव्य पथ पर छिहत्तरवां गणतंत्र दिवस परेड देखिहें। उनके सरकार के ओरि से राष्ट्रीय कार्यक्रमन में जन भागीदारी बढ़ावे बदे सरकार के कोसिसन के तहत बोलावल गइल हौ। येह अतिथियन में आपदा मित्र, स्वयंसेवक, आशा कार्यकर्ता, किसान उत्पादक संगठनन क किसान, पीएम किसान सम्मान निधि के लाभारथी, माई भारत स्वयंसेवक आ अउरियो लोगि सामिल हवें। आकाशवाणी से बतियावत उत्तर प्रदेस से ताइक्वांडो कोच संध्या भारती येह पहल बदे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति आभार जतवले हइनि।

***भारत सरकार और खेल मंत्रालय द्वारा मुझे छब्बीस जनवरी परेड के लिए विशेष अतिथि के रूप में आमंत्रित किया गया है। भारत सरकार का और माननीय प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जी का राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु जी की बहुत शुक्रगुजार हूँ। जो मुझे छब्बीस जनवरी परेड के लिए आमंत्रित किया गया है। धन्यवाद***

**********

रेल राज्य मंत्री वी सोमन्ना आजु अजोध्या धाम रेलवे स्टेसन क मुआइना कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मेदी अजोध्या क अद्भुत अउर अनुकरणीय विकास कइले हवें। पूरा देस से करीब तीनि हजार ट्रेन अजोध्या आ रहलि हइनि। ओइजा हर पांच मिनट में एगो ट्रेन आवे ला। रेल राज्य मंत्री अजोध्या धाम रेलवे स्टेसन के व्यवस्थो क सराहना कइलें।

**********

आजु पूरा देस में पनरहवां राष्ट्रीय मतदाता दिवस मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में **निर्वाचन : बढ़ते कदम** थीमि पर आयोजित परदरसनी क उद्‌घाटन कइलें। उहां के नेशनल कैडेट कोर क कैडेट्स अउर विद्यार्थियन के मतदान कइले क सपथो दियवलीं।

ओहर, उत्तर प्रदेस स्थापना दिवस समारोह के दुसरका दिन्ने लखनऊ के अवध शिल्प ग्रामो में कई गो कार्यक्रम के जरिये आजु लोगिन के ओट दिहले के प्रति जागरूक कइल गइल। ओहीं, पूरबी उत्तर प्रदेस के संतकबीरनगर जिला में जिलाधिकारी महेन्द्र सिंह तंवर लोगिन के मतदान के महातम क जनकारी दिहलें। कुशीनगर जिला के स्कूलन–कॉलेजन में कई गो कार्यक्रम के जरिये विद्यार्थियन के मतदान के बारे में जागरूक कइल गइल। मऊ जिला में जिलाधिकारी प्रवीण मिश्र पहिली बेरि वोटर बनल मतदाता लोगिन के राष्ट्रीय मतदान दिवस पर आयोजित कार्यक्रम में वोटर कार्ड बंटलें।

**********